

A P È S I sou Lèt pou voye ba Moun Kalifye ki gen Koupon osijè Fabria (12 novanm 2009, 1 p.m.)

16 novanm 2009

Chè Moun ki Gen Koupon Seksyon 8 la:

Dosye nou yo endike ou te resevwa yon kupon Seksyon 8 pou yon estidyo (ti apatman) oswa yon apatman ki genyen yon chanm, men ou potko retounen yon pake lokasyon nan biwo minisipalite Lojman pou Lokasyon yo. Lèt sa a se pou fè ou konnen genyen apatman yon chanm ki disponib pou lwe nan bilding Fabria Houses nan Manhattan avèk kupon Seksyon 8 ou, epitou pwomotè Fabria, Phipps Houses Services, Inc. (“Phipps”), ap kontakte ou nan yon ti tan pou diskite sou opòtinite lojman enteresan sa a.

Lotisman Fabria Houses genyen ladan senk (5) bilding tounèf oswa bilding yo fèk amenaje epi ki nan 410, 426, ak 428 East 11th Street; 212-214 East 7th Street; ak nan 617-619 East 9th Street, New York, New York. Kounye a, genyen apeprè 40 apatman yon (1) chanm ki disponib pou lwe pou moun ki gen kupon ki kalifye.

Pou pèmèt ou pran avantaj opòtinite sa a, Otorite Lojman ap voye non ou, adrès ou ak nimewo telefòn ou (si ou genyen) ba Phipps pou Phipps kapab kontakte ou dirèkteman pou ba ou plis enfòmasyon sou Fabria Houses. Si ou vle kontakte Phipps poukont ou pou jwenn plis enfòmasyon, ou kapab rele Niki nan nimewo (646) 388-8232, ant 9 a.m. ak 5 p.m., Lendi jiska Vandredi.

SI OU PA VLE OTORITE LOJMAN DIVILGE ENFÒMASYON KONTAK OU BA PHIPPS, KÒM AJAN POU PWOMOTÈ A, TANPRI FÈ NOU KONNEN SA IMEDYATMAN. POU FÈ SA, OU DWE RANPLI AK RETOUNEN PATI

**DETACHAB KI ANBA LA A BA NYCHA NAN ANVLÒP OU JWENN KI GEN
ADRÈS SOU LI A. OU DWE RETOUNEN FÒM SA A BA NYCHA ANVAN 23
NOVANM 2009.**

Si nou pa tande ou anvan 23 novanm 2009, n ap sipoze ou enterese jwenn
opòtinite sa a epitou n ap voye non ou, adrès ou ak nimewo telefòn ou ba Phipps.

Depatman Lojman pou

Lokasyon

**W AP JWENN TRADIKSYON LÈT SA A NAN PLIZYÈ LANG SOU SIT WÈB
NYCHA NAN WWW.NYCHA.NYC.GOV.**

Enstwiksyon: Tanpri ranpli fòm sa a epi retounen li ba Otorite Lojman nan anvlòp
tenbre ki gen adrès ou jwenn lan imedyatman si ou pa vle Otorite Lojman voye non ou,
adrès ou ak nimewo telefòn ou ba Phipps Houses Services, Inc., ajan pwomotè Fabria.

**NON, MWEN PA VLE OTORITE LOJMAN VOYE NON MWEN, ADRÈS
MWEN AK NIMEWO TELEFÒN MWEN BA PHIPPS HOUSES SERVICES,
INC.**

Non: _____

Nimewo Koupon: _____

Siyati: _____

Dat la: _____